# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
28.12.2010-ж. №62/IV

# ХАЛЫҚ АРАСЫНДА МИКРОНУТРИЕНТ ЖЕТИСПЕЎШИЛИГИ ПРОФИЛАКТИКАСЫ ҲАҚҚЫНДА

## I-БАП. УЛЫЎМА РЕЖЕЛЕР

### 1-статья. Усы Нызамның мақсети

Усы Нызамның мақсети халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы қатнасықларды тәртиплестириўден ибарат.

### 2-статья. Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы ҳаққындағы нызамшылық

Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы ҳаққындағы нызамшылық усы Нызам ҳәм басқа да нызам актлеринен ибарат.

Егер Өзбекстан Республикасының ҳалықаралық шәртнамасында Қарақалпақстан Республикасының халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы ҳаққындағы нызам актлеринде нәзерде тутылғанынан басқаша режелер белгиленген болса, халықаралық шәртнаманың режелери қолланылады.

### 3-статья. Тийкарғы түсиниклер

Усы Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

- микронутриентлер–адам организминиң нормал өсиўи ҳәм раўажланыўы ушын зәрүр болған, орнын басқа нәрсе баса алмайтуғын азық-аўқатлық затлар (витаминлер ҳәм минераллар);
- микронутриент жетиспеўшилиги–адам организминиң азық-аўқат пенен келип түсетуғын микронутриентлер жетерли емеслиги себепли кеселликлердиң раўажланыўына алып келетуғын жағдайы;
- байытылған азық-аўқат өнимлери–ислеп шығарылыў процессинде микронутриентлер менен байытылған (фортификацияланған) азық-аўқат өними;
- микронутриентлер саплементациясы–халықтың белгили бир топарлары арасында микронутриентлердиң дәрилик затлар сыпатында профилактикалық дозаларда қолланылыўы;
- халықтың белгили бир топарлары– микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы илажлары әмелге асырылып атырған халықтың топарлары.

# II-БАП. ХАЛЫҚ АРАСЫНДА МИКРОНУТРИЕНТ ЖЕТИСПЕЎШИЛИГИ ПРОФИЛАКТИКАСЫ МӘМЛЕКЕТ ТӘРЕПИНЕН ТӘРТИПЛЕСТИРИЛИЎИ

**4-статья. Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы бағдарлары**

Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы бағдарлары төмендегилерден ибарат:

халықты байытылған азық-аўқат өними менен тәмийинлеўге қаратылған социаллық, экономикалық, ҳуқықый ҳәм шөлкемлестириўшилик илажларды әмелге асырыў;

байытылған азық-аўқат өниминиң ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпалардың сапасы ҳәмде қәўипсизлиги үстинен қадағалаўды тәмийинлеў;

байытылған азық-аўқат өними ислеп шығарылыўын раўажландырыў;

азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпалар ислеп шығарылыўын қоллап-қуўатлаў;

микронутриентлер саплементациясы;

халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасына қаратылған бағдарлар әмелге асырылыўын мониторинг етиў ҳәм баҳалаў;

микронутриент жетиспеўшилигин анықлаўшы заманагөй технологияларды ҳәм оның профилактикасы усылларын раўажландырыўда илимий изертлеўлерди қоллап-қуўатлаў;

халықаралық бирге ислесиўди раўажландырыў.

**5-статья. Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы мәмлекетлик басқарыў**

Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы мәмлекетлик басқарыўды Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги, Қарақалпақстан Стандартластырыў ҳәм метрология басқармасы, Сынаў ҳәм сертификатластырыў орайы әмелге асырады.

Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы мәмлекетлик басқарыў:

мәмлекетлик басқарыў уйымларының, сондай-ақ байытылған азық-аўқат өними ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпалар ислеп шығарыўшылардың жумысын муўапықластырып барыўды;

байытылған азық-аўқат өниминиң ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпалардың сапасы ҳәмде қәўипсизлиги үстинен қадағалаўды әмелге асырыўды;

байытылған азық-аўқат өниминиң ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпалардың қәўипсизлигине байланыслы мәжбүрий талапларға тийисли техникалық жақтан тәртипке салыў саласындағы нормативлик ҳүжжетлер ислеп шығыўды, жумысларды шөлкемлестириўди ҳәм оларды орынлаўды тәмийинлеўди;

профилактика ҳәм санитария-эпидемиология илажлары өткерилиўин шөлкемлестириўди өз ишине алады.

**6-статья. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы ўәкилликлери**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси:

халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы мәмлекетлик бағдарламалардың ислеп шығылыўында қатнасыўын ҳәм әмелге асырылыўын тәмийинлейди;

халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы мәселелери бойынша мәмлекетлик басқарыў уйымларының жумысын муўапықластырыўды ҳәмде оған басшылықты әмелге асырады;

халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы аймақлық бағдарламалардың әмелге асырылыўын шөлкемлестиреди;

халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы мақсетинде тийисли мәмлекетлик басқарыў уйымлары аймақлық бөлимлериниң ҳәмде байытылған азық-аўқат өними ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпаларды ислеп шығарыўшылардың жумысын муўапықластырып барады;

байытылған азық-аўқат өниминиң ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпалардың сапасы ҳәмде қәўипсизлигин ҳәм оларды сақлаў шараятларын тәмийинлеў бойынша илажлар көреди.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыўы мүмкин.

**7-статья. Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлигиниң Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы ўәкилликлери**

Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги:

халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласында мәмлекетлик санитариялық қадағалаўды әмелге асырады;

халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы мәмлекетлик бағдарламаларды ислеп шығылыўында қатнасады ҳәм әмелге асырады;

байытылған азық-аўқат өниминиң ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпалардың қәўипсизлиги бойынша мәжбүрий талапларға тийисли техникалық жақтан тәртипке салыў саласындағы жумысларды шөлкемлестиреди ҳәм олардың орынланыўын тәмийинлейди;

халықтың микронутриентлер саплементациясы өткерилиўи тийис болған мақсетли топарларын анықлайды;

микронутриентлер саплементациясын шөлкемлестиреди;

халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы бойынша санитария-гигиена ҳәм түсиндириў жумысларын алып барады;

халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасына қаратылған бағдарламалардың әмелге асырылыўы мониторингин алып барады ҳәм баҳалайды.

Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди ҳәм әмелге асырыўы мүмкин.

**8-статья. Қарақалпақстан Стандартластырыў ҳәм метрология басқармасының, Сынаў ҳәм сертификатластырыў орайының халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы ўәкилликлери**

Қарақалпақстан Стандартластырыў ҳәм метрология басқармасы, Сынаў ҳәм сертификатластырыў орайы:

байытылған азық-аўқат өнимин ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпаларды ислеп шығарыўда техникалық жақтан тәртипке салыў саласындағы нормативлик актлердиң мәжбүрий талапларының юридикалық шахслар тәрепинен сақланыўы үстинен мәмлекетлик қадағалаўды әмелге асырады;

байытылған азық-аўқат өнимин ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпаларды мәжбүрий сертификатластырыў бойынша жумысты шөлкемлестиреди.

Қарақалпақстан Стандартластырыў ҳәм метрология басқармасы, Сынаў ҳәм сертификатластырыў орайы нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыўы мүмкин.

## III–БАП. ХАЛЫҚ АРАСЫНДА МИКРОНУТРИЕНТ ЖЕТИСПЕЎШИЛИГИ ПРОФИЛАКТИКАСЫ ИЛАЖЛАРЫ

**9-статья. Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасының түрлери**

Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасының төмендеги түрлери әмелге асырылады:

байытылған азық-аўқат өнимине болған мүтәжликти анықлаў ҳәм оннан пайдаланыўды тәмийинлеў;

микронутриентлер саплементациясы;

санитария-гигиена ҳәм түсиндириў жумыслары.

**10-статья. Байытылған азық-аўқат өнимин ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпаларды ислеп шығарыў**

Байытылған азық-аўқат өнимин ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпаларды ислеп шығарыў юридикалық шахслар тәрепинен әмелге асырылады.

**11-статья. Байытылған азық-аўқат өнимин ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпаларды сертификатластырыў**

Байытылған азық-аўқат өними ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпалар нызам актлеринде белгиленген тәртипте мәжбүрий сертификатластырылыўы тийис.

**12-статья. Байытылған азық-аўқат өнимин ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпаларды ораў, тамғалаў, тасыў, сақлаў, реализациялаў ҳәм Өзбекстан Республикасы аймағына алып кириў**

Байытылған азық-аўқат өнимин ҳәм азық-аўқат өнимин байытыў ушын мөлшерленген витамин-минерал араласпаларды ораў, тамғалаў, тасыў, сақлаў, реализациялаў ҳәм Өзбекстан Республикасы аймағына алып кириў нызам актлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

**13-статья. Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы реклама**

Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасына қаратылған коммерциялық емес түрдеги реклама социаллық реклама мәлимлемеси болып табылады. Социаллық реклама мәлимлемесин бийпул таярлаўшылар ҳәм тарқатыўшылар нызам актлеринде нәзерде тутылған жеңилликлерден пайдаланады.

Байытылған азық-аўқат өниминиң рекламасы нызам актлерине муўапық әмелге асырылады.

## IV-БАП. ЖУЎМАҚЛАЎШЫ РЕЖЕЛЕР

**14-статья. Тартысларды шешиў**

Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы саласындағы тартыслар нызам актлеринде белгиленген тәртипте шешиледи.

**15-статья. Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы ҳаққындағы нызам актлерин бузғанлығы ушын жуўапкершилик**

Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы ҳаққындағы нызам актлерин бузғанлықта айыпкер шахслар белгиленген тәртипте жууапкер болады.